

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa pakakas utama dina kahirupan manusa pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Aya opat aspek kaparigelan basa anu perlu dicangkem, éta opat aspek kaparigelan basa téh ngawengku (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Éta kaparigelan téh mangrupa kamahéran anu gumulung atawa gembheng, teu bisa dipilah-pilah deui. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita. Maca jeung ngaregepkeun kaasup kana aspek kaparigelan nu sipatna reseptif, sedengkeun nulis jeung nyarita kaasup aspek kaparigelan nu sipatna produktif. Nu jadi puseur dina ieu panalungtikan nya éta masalah kaparigelan nulis.

Nulis asalna tina kecap tulis maké rarangkén hareup N- (nasal) anu ngandung harti 'ngalakukeun'. Numutkeun LBSS (2007: 498) nulis téh nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté ku parantina. Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 2008: 22). Nulis téh mangrupa hiji kaparigelan basa anu produktif. Nulis téh hiji proses nyusun lambang grafis. Nulis téh hiji proses komunikasi ku cara ngagunakeun lambang grafis.

Fungsi utama nulis nya éta jadi pakakas komunikasi anu henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa ngagampangkeun murid-murid dina prosés mikir. Tulisan bisa mantuan mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa ngadatangkeun ayana persepsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri nu nulis. Cindekna, bisa disebutkeun yén diajar nulis téh taya lian nya éta diajar mikir ngagunakeun cara nu tangtu (Tarigan, 2008: 23).

Dumasar kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar pangajaran

nulis nu perlu diajarkeun di SMP nya éta nulis laporan. Bahan pangajaran nulis laporan téh ayana di kelas VIII SMP.

Tina hasil panalungtikan jeung hasil wawancara ka guru, pangajaran nulis di SMP mangrupa hiji bahasan anu teu dipikaresep ku siswa, sabab dina nulis siswa kudu bisa neangan ide jeung kudu miboga kandaga kecap anu jembar pikeun nyusun kalimah-kalimah sangkan bisa jadi hiji paragraf. Salian ti éta siswa kudu miboga kamampuh pikeun ngagunakeun éjahan jeung tanda baca anu bener. Tujuan pangajaran laporan bisa kahontal saupama guru bisa ngamekarkeun sagala pangaweruh jeung kaparigelanna dina nepikeun materi, sabab salasihiji faktor nu mangaruhan kahontal henteuna tujuan pangajaran ditangtukeun ku peran guru dina ngokolakeun diajar ngajar. Guru miboga peran nu penting sangkan bisa nyiptakeun kondisi diajar ngajar nu hirup, ngamotivasi siswa anu biasana pasif jadi aktif keur lumangsungna diajar ngajar. Guru kudu bisa méré bahan pangajaran nulis anu matak ngirut siswa sangkan teu boseneun. Ku ayana anggapan éta, pangajaran nulis kudu diajarkeun sacara kreatif, variatif, jeung matak pikaresepeun siswa ku cara ngagunakeun modél pangajaran anu luyu jeung matéri.

Dina prosés diajar ngajar, modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kagiatan diajar ngajar. Tujuanna sangkan bahan pangajaran bisa katarima kalawan bisa dipikaharti ku siswa. Ku ayana modél pangajaran bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran. Ku kituna modél pangajaran mangrupa salasihiji kompetensi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru, lantaran mangrupa salasihiji indikasi anu bakal nangtukeun kana kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2005: 53).

Pikeun ngungkulan masalah-masalah dina pangajaran nulis, ku kituna perlu digunakeun modél pangajaran anu luyu pikeun pangajaran nulis. Dina ieu panalungtikan, model pangajaran anu digunakeun nya éta modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW). Modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW) nya éta modél pangajaran anu disusun tina tilu hal anu penting nya éta *think* (mikir), *talk* (nyarita) jeung *write* (nulis). Modél pangajaran ieu dimimitian ku ayana proses mikir sacara individu sanggeus prosés maca, satuluyna nyarita jeung silih

tukeuran ide jeung babaturanna saacan ditulis dina catetan leutik pikeun nganggeuskeun hiji masalah. Model pangajaran TTW leuwih éféktif saupama siswa dibagi kana sababaraha kelompok sacara heterogen antara 3-5 urang siswa. Dina ieu kelompok siswa diperedih maca, nyieun catetan leutik, ngajelaskeun, ngaregepkeun, sarta silih tukeran ide jeung babaturanna, anu satuluyna ngébréhkeun sakabeh ide dina wangun tulisan.

Modél TTW dipilih sabab miboga kaunggulan nya éta bisa meredih siswa sangkan ngalakukeun tilu hal anu penting. Mimiti siswa diperedih sangkan mikir nalika maca soal jeung nangtukeun hal naon anu kudu dipigawé mimiti. Satuluyna siswa diperedih sangkan nyarita ngaliwatan diskusi jeung babaturanna. Pamungkas tina hasil mikir jeung nyarita éta diébréhkeun ngaliwatan tulisan kalawan sistematis. Ku kituna modél TTW ieu dianggap modél anu luyu pikeun pangajaran nulis laporan.

Panalungtikan ngeunaan modél TTW pikeun kaparigelan nulis kungsi dilaksanakeun, kalawan judul “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran Nulis Téks Hasil Wawancara: Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas IX SMP Negeri 1 Dayeuh Kolot” anu ditalungtik ku Kemala Drama Putri taun 2011. Sarta hasilna tétéla éféktif. Panalungtikan anu ayeuna moal bisa disebutkeun sarua atawa tuluyan tina panalungtikan anu dilaksanakeun ku Kemala Drama Putri. Panalungtikan nu ayeuna jeung nu saméméhna aya bédana nya éta leuwih kana sangkan siswa mampuh nulis laporan ngagunakeun modél TTW.

Dumasar kana masalah di luhur, panalungtikan nu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina Pangajaran Nulis Laporan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Nu jadi kasang tukang masalah dina ieu panalungtikan téh diantarana kurangna minat siswa kana pangajaran nulis, pangajaran nulis mangrupa bahasan anu henteu dipikaresep ku siswa, guru masih ngagunakeun cara tradisional, sarta

guru kurang ngamekarkeun sagala pangaweruh jeung kaparigelanana dina nepikeun materi. Sangkan masalah dina ieu panalungtikan leuwih museur sarta jéntré, masalah dina ieu panalungtikan téh diwatesan ngan nalungtik kaéféktifan Modél Pangajaran *Think-Talk Write* (TTW) dina Pangajaran Nulis Laporan Siswa Kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, panalungtikan ieu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis laporan saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW)?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis laporan sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW)?
- 3) Naha modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW) éféktif bisa ningkatkeun kamampuh nulis laporan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW) dina pangajaran nulis laporan siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis laporan saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW).
- 2) Kamampuh siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis laporan sanggeus ngagunakeun modél pangajaran

Think-Talk Write (TTW).

- 3) Modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW) éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis laporan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téorétis

Mangpaat téorétis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu hadé dina pangajaran nulis laporan. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis laporan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas ku guru sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa kana mata pelajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis laporan.
- 2) Bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis laporan jeung bisa nambahan pangaweruh siswa.
- 4) Bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina kagiatan nulis laporan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk Write* (TTW).

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan

Bab II mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), nulis laporan, asumsi jeung hipotesis. Pedaran ngeunaan modél pangajaran dimimitian ku hakékat modél pangajaran, rumpun sarta komponen modél pangajaran, modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), hakékat nulis, nulis laporan, sarta léngkah-léngkah dina nulis laporan

ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW). Salian ti éta, dina ieu bab dipedar ngeunaan asumsi jeung hipotesis panalungtikan.

Bab III mangrupa bab anu medar ngeunaan métodologi panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, sarta wangenan operasional.

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir siswa tina hasil panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun kaéfektifan modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina nulis laporan siswa SMP.

BAB V mangrupa kacindekan jeung rékomendasi kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

